Royal Commission
into Aged Care Quality and Safety

SHONA

Boka rakagadzwa nehumambo kuongorora kuchengetwa kwakanaka kwevakwegura uye kusina njodzi. The Royal Commission into Aged Care Quality and Safety

Boka rakagadzwa nehumambo nehutongi hwepamusorosoro hwenyika, kuongorora kuchengetwa nemabatirwo evakwegura, kugara kwavo zvakanaka uye kusina njodzi, muAustralia, rakadzikwa kuti ritarisise mabatirwo nemachengeterwo evakwegura, uyezve kuti machengeterwo aya akodzera here, kusvika pamwero unodiwa, unotarisirwa nekugutsa vagari vemuAustralia. Zvichaongororwa zvinosanganisira:

- Kuchengatwa kwevakwegura vagere mudzimba dzavo.
- Vanhu vari kugara nechirwere chekukanganwa nekurasikirwa nendangariro, uye
- Vanhu vari kugara munzvimbo dzinochengeterwa vakwegura nekusanganisira vechidiki vakaremara zvakasiyana-siyana.

Boka iri richaongorora nekupenengura mabatirwo nemachengeterwo arikuitwa nekupihwa vakwegura mumaguta, mumatunhu akasiyana-siyana uye nemuzvimbo dziri kure kure nemaguta. Richatarisawo kuti machengeterwo avakwegura aya angavandudzwe nekunatsurudzwa sei mune ramangwana.

Boka rinodawo kunzwa nhoroondo dzenyu dzamakasangana nadzo mukuchengetwa nekugara nevachembera, zvakanaka uyezve kana zvakaipa. Rinokumbirawo mazano enyu amuinawo ekuvandudza mabatirwo nemachengeterwo avakwegura. Munogona kuzivisa nyaya dzenyu kuBoka rino nenzira dzinotevera:

- Kuridza nhare panhamba dzinoti; 1800 960 711(pakati penguva dzasere mangwanani kusvika nguva dzasere manheru (8:00am – 8:00pm AEDT), kubva Muvhuro kusvika Chishanu) kunze kwemazororo enyika. Vanoturikira vanenge varipo.
- Kunyora tsamba pakero: GPO BOX 1151, Adelaide SA 5001(tinoturikira tsamba yenyu)
- Kuzadzisa gwaro repamasaisai (*online form*): https://agedcare.royalcommission.gov.au/submission/Pages/default.aspx
- Kunyora tsambambozha (*email)*: ACRCenquires@royalcomission.gov.au

Kana muine dambudziko emachengeterwo ari kuitwa akwegura zvinoda rubatsiro izvozvi

Boka rino harigoni kugadzirisa zvichemo, dambudziko nemakakatanwa zvirikuwanikwa nemunhu ega ega. Harikwanisizve kutuma kana kumanikidza muchengeti, kana munhu wozvake kuti aite basa kana mabatiro amungange muchinda, kana kuti abhadhare mari. Zvisinei, Boka rino ringangokwanisa kubatsira panguva dzakaita saidzodzi nokuti ndivo vamiriri vanotambira zvichemo nedambudziko zvakanangana nevachengeti vevakwegura vanowana rubatsiro nerutsigiro kubva kuhurumende yeAustralia.

Kana muchida kuzivisa chichemo pamusoro pemachengeterwo avakwegura arikupiwa kune munhu panguva ino, munokwanisa kubata Aged Care Quality and Safety Commission nekuridza nhare panhamba inoti 1800 951 822. Kana kuenda apa: agedcarequality.gov.au. Vaturikiri vanenge varipo.